



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU SIPÒTE PWOPRIYETÈ KAY NAN PAK KAY PREFABRIKE YO

Lejislasyon S. 5881-A/A. 5549-A elaji dwa premye refi pou pwopriyetè kay yo nan pak kay prefabrike lè pwopriyetè pak kay prefabrike anvizaje vann pak la

Lejislasyon S. 7541/A. 7403-A otorize Ajans Ipotèk Eta New York la achte ipotèk epi ofri asirans ipotekè pou lojman modilè ak lojman prefabrike

Lejislasyon S. 7381/A. 7422 pi byen alinye lwa Eta New York ki gen rapò ak sanksyon sivil ki asosye ak kay prefabrike ak lwa federal la

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou sipòte pwopriyetè kay yo nan pak kay prefabrike yo, yon sous lojman abòdab enpòtan pou rezidan yo nan Eta New York, patikilyèman nan zòn Nò ak nan zòn rural yo. Lejislasyon S. 5881-A/A. 5549-A elaji dwa premye refi ke pwopriyetè kay yo ki nan pak kay prefabrike genyen kounye a pou enkli chak fwa pwopriyetè pak kay prefabrike yo fè òf pou vann oswa reponn ak òf pou achte pak la. Lejislasyon S. 7541/A. 7403-A otorize Ajans Ipotèk Eta New York la achte ipotèk epi ofri asirans ipotekè pou lojman modilè ak lojman prefabrike. Lejislasyon S. 7381/A. 7422 pi byen alinye lwa Eta New York ki gen rapò ak sanksyon sivil ki asosye ak kay prefabrike ak lwa federal la.

"Pake lejislatif sa a se dènye zouti eta nou an pou sipòte Nouyòkè yo nan pak kay prefabrike yo – yon sous lojman abòdab ki enpòtan nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou agrandi lè pwopriyetè kay ki nan pak kay prefabrike yo gen dwa premye refi, otorize ipotèk ak asirans ipotekè pou kay modilè ak kay prefabrike yo, ak pi byen alinye langaj lejislatif nou an ak pwogram federal yo, n ap ede ranfòse kominote New York yo epi kontinye bay Nouyòkè yo ak kay ki an sekirite, ki estab, abòdab. Mwen remèsye sipòtè pwojè lwa yo pou patenarya yo nan sipòte chemen enpòtan sa a ki mennen nan pwopriyetè kay abòdab pou anpil fanmi New York."

Lejislasyon S. 5881-A/A. 5549-A elaji dwa premye refi ke pwopriyetè kay yo ki nan pak kay prefabrike genyen kounye a pou enkli chak fwa pwopriyetè pak kay prefabrike yo fè òf pou vann oswa reponn ak òf pou achte pak la. Dapre lwa eta anvan an, pwopriyetè kay ki nan pak kay prefabrike yo te sèlman kapab egzèse dwa sa a lè achte pak kay prefabrike te sètifye entansyon yo pou itilize tè a pou yon lòt rezon.

Lejislasyon an egzije tou pou pwopriyetè kay yo avèti pwopriyetè pak kay fabrike yo nan 60 jou si yo planifye fè yon òf pou achte pak la epi li egzije pwopriyetè kay yo fè òf la nan lespas 140 jou. Lejislasyon sa a pral ede pwopriyetè kay ki nan pak kay prefabrike yo pwoteje kominote abòdab pa yo, san yo pa anpeche envèstisman san opozisyon yon fason ekseksif nan pak kay prefabrike yo.

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "Pake pwojè lwa sa a pral ekipe rezidan yo pou gen yon chans ekitab pou pwoteje kominote pa yo kont pwopriyetè ki pa pataje vizyon yo pou pak kay mobil yo epi pou yo alinye sanksyon sivil ak règleman federal yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen legislasyon sa a pou etabli yon balans ekitab ant enterè pwopriyetè pak kay prefabrike yo ak rezidan yo k ap chèche lojman abòdab, ki an sekirite."

Manm Asanble Fred Thiele te deklare, "Plizyè milye granmoun aje, rezidan ki gen revni fiks, ak jèn fanmi konte sou kay prefabrike kòm yon sous lojman abòdab nan tout Eta a. Pwopriyetè kay ki abite nan pak kay prefabrike lwe tè kote kay yo ye a, sa ki fè yo vilnerab fas ak potansyèl depasman grav oswa move pratik jesyon atravè vant pak pa yo. Mwen te kontan travay avèk Senatè Skoufis pou fè lwa sa a pase pou ranfòse "Deklarasyon Dwa Pwopriyetè Kay Prefabrike" dapre Lwa sou Byen Imobilye (Real Property Law) nan bay pwopriyetè kay dwa premye refi lè yo mete pak yo pou vann kèlkeswa chanjman nan itilizasyon tè yo. Mwen bat bravo pou aksyon favorab Gouvènè a ki pral bay rezidan sa yo kounye a yon zouti solid pou pwoteje yo pran kontwòl ki menase demantle sekirite kominote pa yo."

Lejislasyon S. 7541/A. 7403 otorize Ajans Ipotèk Eta New York pou achte ipotèk epi ofri asirans ipotèk pou lojman modilè ak lojman prefabrike, ke yo prensipalman finanse kòm pwopriyete pèsònèl epi kidonk yo pa te kalifye pou finansman ak asirans SONYMA anvan legislasyon sa a. Lejislasyon sa a pèmèt SONYMA bay sipò enpòtan pou achte kay ki konte sou lojman modilè ak lojman prefabrike kòm chemen abòdab ki mennen nan pwopriyetè kay.

Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare, "Pwojè lwa otorite piblik sa a, ki ekipe Ajans Ipotèk Eta New York (SONYMA), pou achte kay prefabrike ak kay modilè ak prè pèsònèl kont ipotèk estanda a, pral ede fè lojman ak depans ki asosye yo, tankou asirans, pi aksesib pou fanmi ki gen revni fèb ak modere k ap chèche opsyon lojman pou yon fanmi selibatè. Mwen fyè dèske m te pase pwojè lwa sa a ansanm ak kòlèg mwen an, Manm Asanble Karen McMahon, paske li enpòtan anpil pou enplike ajans eta nou yo kòm patnè aktif pou ede abòde kriz lojman an. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li te montre angajman li anvan solisyon lojman pou fanmi selibatè lè li siyen pwojè lwa sa a jodi a."

Manm Asanble Karen McMahon te deklare, "Nouvo lwa sa a, ki bay SONYMA otorite pou achte ipotèk pou kay modilè ak/oswa kay fabrike kòm pwopriyete pèsònèl, pral pèmèt Nouyòkè ki gen revni fèb ak modere yo pou finanse lojman abòdab. Asanble a pran angajman pou fè lojman jis ak aksesib pou tout moun, nan kominote iben, banlye

ak riral New York yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lwa sa a ak Senatè Comrie paske li te pote pwojè lwa sa a nan Sena a."

Lejislasyon S. 7381/A. 7422 gen ladann plizyè chanjman teknik pou pi byen alinye lwa Eta New York ki gen rapò ak sanksyon sivil ki asosye ak kay prefabrike ak lwa federal la. Li ranplase mo "amann" pa "sanksyon sivil," li ranplase mo "lisans" pa "sètifikasyon," epi li ranplase mo "atik" pa "tit." Li ranplase tou langaj ki antoure sanksyon sivil la pa "sanksyon sivil maksimòm" ki etabli nan Kòd Règleman Federal yo. Lè w fè sa, lejislasyon sa a ede korije yon move aliyman ant langaj eta ak langaj federal pou ede asire ke yo pwodui, enstale ak sèvi kay prefabrike yo san danje.

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Kay prefabrike yo souvan se sèl opòtinite lojman abòdab ak pwopriyete kay nan distri tankou pa mwen an ak nan anpil pati nan Eta New York. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen pati lejislasyon enpòtan sa a ki alinye politik eta ak federal yo pou pi byen dekouraje investisè ak konpayi eksplwatè yo, pou kenbe lokatè yo an sekirite."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)